Nomer 3 — Salasa 20 Juli 1926 (9 Moeharam 1345) — Taoen ka 3

Pembantoe sareng agen:
Priangan koelon Bestuur Pasoendan Bogor.
di Tjiandjoer Bestuur Pasoendan Tjiandjoer.
Priangan tengah H. B. Pasoendan Bandoeng

# SIPATAHOENAN

Soerat Kabar Minggoean dikaloearkeun koe Tjabang Pasoendan Tasikmalaja.

Ditjitak di Soekapoera drukkerij Tasikmalaja.

Pembantoe sareng agen:
Priangan wetan Bestuur Pasoendan Tjiamis.
Djawa wetan Bestuur Tjabang Pasoendan. Soerabaja.

LANGGANAN.
3 sasih . . . . . f 1,50
Dibajar ti pajoen. Salambar 15 sen.

Redactie: Heerenstraat 31.
Administratie: Stationsweg 33 Tasikmalaja.

Redaktoer: SOETISNA SENDJAJA ATMAWINATA
Redaktoer di Batawi SOERIADIRADJA.

Directie: Administratie: Bestuur Pasoendan Tasikmalaja

Pangaos ADVERTENTIE:
1/16 katja f 2,— } Sakali moeat
1/32 „ f 1,25 }
Langganan langkoeng mirah.

## Kangdjeng Dalem R. A. A. A. Djajadiningrat Boepati Batawi.

Sing saha noe sok matja soerat kabar, boh soerat kabar Walanda, boh Malajoe, atawa naon bae; geus tangtoe moal aja noe bireuk kana djenengan Djajadiningrat. Lain di dieu bae, di Pasoendan, seungitna, tapi di sakoeliah p. Djawa, di sa-Indonesia; malah nepika ka Nagri-nagri soemeleber ka sakoer tempat pergerakan.

Komo keur kaom Pasoedan mah, asa pirakoe nepi ka aja noe roengahringeuh, oepama ngadenge eta djenengan. Kapan nja andjeunna noe ngadegkeun djeung ngalaloegoekeun tjabang Pasoendan Banten, lantaran kana maksoed Boedi Oetomo teu tjotjog, geuning saoer andjeunana (dina waktoe vergadering ngadegkeun tjabang di sositet - Piroekoen) „'t plan van Boedi Oetomo is te grbotsch cpgevat". Moal kaojagkeun, moal katepi, moal kageroh koe B. O. Ieu teh manan andjeunna doea tiloe welas taoen katoekang.

Lain bae djadi loeloegoe tjabang Pasoendan Banten, malah koe lantaran kersa pipiloeeun tea, nepi ka diangkat kana Eere - Voorzitter pagoejoeban Pasoendan, tingali djenenganana dina orgaan Pasoendan djaman harita, „Papaes nonoman".

Masih keneh tetep henteuna dina Eere Voorzitter henteu terang, ngan ari dilepas mah koe Pasoendan taja petana. Malah terang pisan dina koempoelan (congres) taoen 1919 andjeunna masih keneh dihatoeranan ngaloeoehan qua Eere Voorzitter.

Bisa djadi moendoet koe andjeun liren, saperti Kangdjeng Bandoeng, hedjana, tapi officeel teu ngoeping

. . . . . . . . . . . . . . .

Sanadjan moal aja noe bireuk, tapi ari kana sadjarah andjeunana mah moal oenggal hoeloe terang. Lantaran andjeunna hidji oerang Priboemi, oerang Soenda, noe sakitoe gedena pangaroeh, kamashoerkeun kapinteranana, kawas rada wadjib ditalingakeun lalakon hiroepna koe bangsa oerang.

Kabeneran aja noe noeliskeun, sadjarahna dina „De Locomotief" poë Saptoe djeung Ahad, minangka pangingt-nginget kana djenengna Boepati geus doea poeloeh lima taoen. Kieu Soendana:

„Poë Ahad tanggal 4 Juli Kangdjeng Dalem Batawi, R. Adipati Aria Achmad Djajadiningrat, tjampleng 25 taoen ngagem kapangkatanana, waktoe andjeunna dibisloeitan, (Bisloeit 4 Juli 1901 no. 6) diangkat kana Boepati Serang, joeswana tatjan djedjeg 24 taoen. Dibenoemna keur waktoe andjeunna djadi Tjamat Bodjanagara district Tjilegon.

Katjida langkana noe pantar kitoe ngorana dipasrahan kapangkatan noe sakitoe beuratna.

Djadi moal sak deui, tangtoe pangmeunangna kapertjajaan ti Pamarentah teh, lantaran kaajaan diri andjeunna leear biasa. Oepama engke di handap diterangkeun lalakon andjeunna keur waktoe moerangkalih keneh djeung keur waktoe diadjar, tangtoe tembong kabidjaksanaan poetra R. T. Djajadiningrat noe pangbaiepna; tembong naon sababna noe matak andjeunna diangkat ngagentos ramana.

R. A. A. A. Djajadiningrat teh toeroenan Banten, salah sahidji tina karoehoen andjeunna, nja eta Pangeran Wiradisoeta, djadi papatihna salah sahidji Soeltan Banten. Tapi ari dina sadjarah mah kakotjapkeunana teh lain Pangeran "Wiradisoeta, tapi Pangeran Astapati sabab noe djadi lantaran poepoesna raheut dina panangan, dikadek waktoe andjeunna naloekkeun karaman di Lampoeng dina kira-kira taoen 1760.

Keur waktoe aja keneh ka Soeltanan-Banten, boejoetna Kangdjeng Batawi djadi Dalem Lebak, ari ejangna Dalem di Pandeglang, koemawoela ka Goeperemen. Katelahna koe rahajat mah, Dalem Pandeglang teh „Dalem Tjekek", ari djenenganana noe saenjana mah R. A. A. Natadiningrat. Kasatianana andjeunna ka Goepermen tembongna dina waktoe „Perang Goenoeng Batoe" (karaman Tjilegon dina taoen 1849)

Andjeunana geus teken mati, malah samemeh angkatna oge geus dikoeboer. make atoeran-atoeran sakoemaha ngoeboer majit biasa. Barang nepi kana waktoe noe dipasinikeun djeung balad-baladna teroes angkat teu kalawan tjarios deui ka ahli warisna.

Ari poetrana, R. A. Soetadiningrat, njaeta pamanna Kangdjeng Batawi, sanggeusna aja karaman di Tjilegon dina taoen 1888 diangkat djadi Dalem Serang, ngagentos Dalem Gondokoesoemo, noe pansioen lantaran loempoeh. Poepoesna Dalem Soetadiningrat dina taoen 1893, nja digentos koe saderekna noe harita djadi patih, njaeta ramana Kangdjeng Batawi.

Djadi noe djadi Dalem di Serang mah ngan selerna bae tina toeroenan, noe lempeng ngotjorna mah nja di Pandeglang.

Raden Achmad dibabarkeunana dina boelan Augustus tanggal 16. Nepi ka kiwari joeswana kakara 48 taoen. Djaman andjeunna moerangkalih keneh di Banten sama sakali teu aja sakola. Teu koedoe 'kaget, oepama harita poetrana djrg. Wadana Kramatwatoe (ramana kdj. Batawi) gawena ngan oelin djeung loedag-ladog, djadi djendralna taroedak kampoeng.

Kala mangsa harita, Banten pohara meunangna tjotjoba, loba katjilakaan, nepi ka pirang-pirang noe maot langlajeuseun, ninggalkeun pirang-pirang boedak pahatoe. Djrg. Demang Kramatwatoe tembong kadjelemaanana noe moelja, ngoeroes baroedak noe naroenggelis teu boga geusan mihapekeun diri.

Pantes pisan andjeunna dipoendjoeng-poendjoeng dihormat - hormat oge koe bawahanana, da poegoeh sakitoe moeljana manah. Waktoe diangkat kana Patih Menes djeung waktoe poepoes di Serang ti mana meudi noe nembongkeun kaboengahan djeung kasedihanana.

Pangadjaran noe mimiti ditarima koe Den Achmad, nja eta ngadji koer'an, tapi bet teu pati djalan, lantaran moerangkalihna bedegong (doeka lantaran salahna noe djadi goeroe - eta teu bisa ditetepkeun), toeloej den Acmad dikirimkeun ka pamanna, noe bisa ngadjar ka moerangkalih tjara andjeunna. Didjangdjian teu meunang balik deui, lamoen tatjan tamat koer'an.

Anoe koe kagangasan djeung pirang pirang setrapan goeroe kampoeng teu katepi, kaoedag koe papatah lemah lemboet goeroe anjar. Dina djero saboelan noe 30 djoez teh geus tamat.

Koe sabab sakitoe tjalakanana, andjeunna koedoe teroes diadjarna. Sanggeusna qira'at katalar, nepi ka matak kajoengjoen oepama Den Achmad ngaos bardjandji, andjeunna teroes masantren ka Karoendang diadjar di pamanna, adjengan M. H. Moehamad Asra, noe engkena djadi hoofdpanghoeloe di Serang. Atoeh leosna ka pasantren teh teu beda djeung santri noe sedjen.

Pakean basadjan koemaha biasa, mawa bekel djeung daloeng keur ngaliwet, mastaka diboetakan. Sakoer noe terang kana kahiroepan di pasantren noe hade, tangtoe terang, koemaha kahadeanana eta pangadjaran pikeun ngajakeun sipat-sipat noe harade (karaktervormend).

Di pondok - pondok noe memang enja koekoehna kana ngagoengkeun agama, di dinja tangtoe bidjil sipat kasomah moerbasa noe sampoerna, noe soleh batina diadjar, ngawoela ka oemoem kalawan ngarendahkeun diri sorangan, poho kana kaperloean sorangan.

Di pondok taja bedana anak Dalem djeung anak patanen, saroea hakna saroea kawadjibanana. Dimana perloe, sanadjan teu sapoek djeung hate, nja kapaksa sarerea baramaen lamoen geus kakoerangan bekel.

Samboengeun.

## „Serat kintoenan"

Kalajan hormat.

Kantenan sadaja para Djoeragan parantos sami oeninga, sakoemaha anoe katjarioskeun dina serat-serat kabar, jeu ajeuna di poelo Soematra palih ti koelon, noedjoe aja katjilakaan anoe teu kinten ageungna, djalaran aja lini anoe pohara pisan.

Koe kadjantenan kitoe teh, doegi ka pirang-pirang anoe maot, pirang-pirang tatoe sareng pirang-pirang wawangoenan anoe resak.

Tangtos moal lepat deui, ajeuna di poelo Soematra palih koelon teh, kenging disebatkeun, goentoer bingoeng, tjaah soesah, bandjir sedih.

Pisakoemabaeun teuing pinalangsaeunana, anak noe leungiteun bapa, atanapi bapa noe leungiteun anak, pamadjikan leungit salaki, atanapi salaki leungiteun pamadjikan.

Adoeh! Mana teuing pinjerieunana sareng piripoeheunana, anoe tatoe potong leungeun potong soekoe sareng djabi ti eta.

Sanadjan anoe salamet oge, djalaran koe kaboedjeng njingkah, nja moal boeroeng bae, ari njorang lara masakatna mah, djabi ti kapaksa pisah sareng kadang - wargana anoe dipikatjinta, toeroeg-toeroeg radja kaja, ingon-ingon, palawidja sareng pangoepa jjiwa teu aja pisan noe kari.

Anoe keur sakitoe bingoengna teh, toeroeg-toeroeg sesah pisan koe dahareun, palangsiang bakal maot langlajenseun.

Nganggo dadasar „kamanoessän" teu kinten diwadjibkeunana oerang noeloeng ka papada manoesa anoe sakitoe kasangsaraänana.

Koe margi eta, sanget panoehoen panoehoen Comité, moegi aja sih tjiteres para Djoeragan, kersa masihan sakersana bae, pikeun noeloeng anoe katjilakaan, anoe parantos dipioendjoek tea.

Doepi pasihan tawis piwelas ti para Djoeragan teh, Comite anoe baris ngadongkapkeun.

Diawalan sewoe-laksa hatoer noehoen.

Baktos hormatna,
Comite.

N. B.

Ngawitan ping 5 Juli 1926. Comite anoe kasebat diloehoer, ngiderkeun sababaraha inteekenlijsten baris njoehoenkeun derma, disakoeliah dajeuh Bandoeng sareng anoe tjaraket ka dinja. Doepi lijst tea ditawisna koe Djrg. R. Idih Prawira di Poetra (voorzitter) sareng Djrg. Sabirin (Secretaris) inteekenlijst anoe henteu aja tawisna para djoeragan anoe kasebat tjikeneh, eta sanes tanggelanana Comite Penoeloeng ketjilakaan gempa boemi di Soematra barat anoe diadegkeun di Bandoeng.

Saniskanten kekengingan dina 7 dinten sakali, baris diumbarkeun dina serat-serat kabar.

Kintoenan postwissel sae diadreskeun ka M. Oesman Penningmeester tina ieu Comite, di Oude Kerkhofweg No. 60 Bandoeng.

## Kintoenan kapara nonoman Banten.

Beu! Beu!, ambeu, koetan kitoe ari di deungeun-deungeun; geura taringali Agan-agan, di batoer mah, di mana - mana parantos paientoel bae sakola - sakola kagoengan Pasoendan, H. I. S. na meh oenggal afdeling bae, Schakelschoolna deui (*); na teu paralaj noeroetan ari di Banten?

Na teu kabita koe boeah Pasoendan? Na iraha atoeh ari di dieu bade noeroetanana? Ieu mah boro boro sakolana tea, bet Pasoendanana ge teu embol-embol atjan, djempling keneh bae, padahal sami keneh tanah Pasoendan.

Djisim koering sok ngelesek dina ati, ari ras emoet ka noe diserat dina S. P. bab pesta sakola H. I. S. kagoengan Pasoendan, ngadegkeun sakola anoe, kagoengan Pasoendan, braj hegar; poedoegdoeg beuteung; pelendoeng iroeng ngabinghar-binghar, mani asa rek ngapoeng bae, bakating koe ngiring soeka bingahna. Ari ras deui emoet ka residenan Banten, bet red hate teh moerengked, alah batan kawaja dipel bae, tina manghawatoskeun, namoeng doeka kitoe ge, ari djinisna mah panginten tiis-tiis bae.

Sim koering katjida ageungna hate ari emoet kana kamadjenganana Tasikmalaja. G. Himalaja ageung; ageung keneh kabingahan sim koering. Estoe asa parantos gadoeh sim koering bae, asa kenging sim koering bae; padahal mah teu terang-terang atjan; komo teuing bingahna, oepami sim koering pribados ngiring ngarodjong eta padamelan, namoeng koemaha atoeh, da sanes teu hojong, tjatjak oepami kawerat mah, tangtoe djisim koering pribados anoe ngadegkeun eta sakola teh; koe margi eta, atoeh ngiring bingahna.

Tjing atoeh para nonoman Banten mangga geura mitembejan midamel samboengan Pasoendan.

Geura taringali, saha noe teu tjotjog, saha noe teu kabita, saha noe teu palaj noeroetan, oepami parantos ningal boektina mah, sanes?

Namoeng, da eta atoeh oerang teh moal oedjoeg-oedjoeg kenging boeah djeroek anoe sae, oepami emboeng ngilari bibit noe sae, tempat noe sae, ngaragap noe sae, komo miarana sareng ngadjagi hamana mah, pendekna moal boekti boeah sae, oepami teu hese tjape heula.

Ah, da eta di residenan Banten mah masing disami-sami ge, moal tiasa sami sareng Priangan mah, dimadjoe-madjoe ge. moal tiasa madjoe. (Poenten bae, kitoe ge sanes pisan ngahina ka eusi Banten, teu pisan-pisan.)

Da seueur boektina, geura! Namoeng sanes ari ngahoeroen-soeloehkeun, ngompet-daoenkeun mah, moeng noe parantos kapendak koe djisim koering bae, jen oerang Banten teh, teu tiasa (kirang) goejoeb djadi hidji perkempelan, oepami lidenna teu tiasa ngahidji, jaktos kitoe?

Noe parantos kapendak koe sim koering, kieu: (Nanging di pasisian doeka di kotana mah).

Di hidji Onder-district kaleresan aja hidji prijaji bade pangsioen. Koe kahojong ponggawana, hojong dipasihan souvenir, pikeun andjeunna, biasa bae kapan di mana-mana ge sok njoehoenkeun soembangan ka prijaji noe sanes; komo deui ieu, di hidji Onder-distrik tangtos kedah ka sanes golongan; nja kaboektian eta sirkoelir dikintoenkeun ka ponggawa B. B. (djoeroetoelis, hulp - hulp)na ari pok teh: „Ja! nanti saja kasih seorang f 0,10; 3 orang f 0,30".

Barang ditjobi deui dina waktos gadjihan, bet „teu kabagian", tjenah. Atoeh teu pandjang-pandjang, keun bae.

Bet saroeana sareng Assistent-Wedanana, lain mere, bet „engke deui, engke deui bae" omongna. (Nanging poenten bae sanes gegelendeng eta oge si ponggawa teh, lantaran teu dipasihan, atoeh eta bae, ari moal mere mah, moal mere kitoe! oelah ngamaenkeun djelema, da moal maksa).

Bet eleh koe golongan S.S. (bangsa Djawa ponggawana), raroekoenna, raroentoetna teh.

Tah ieu mah kanggo tjonto bae, doeka kitoe ge, di tempat sanes mah.

Keun bae noe kitoe-kitoe bae, ajeuna mah oerang njandak noe saena bae oerang teh (Para nonoman-nonoman babakoena), oelah tibra bae, oerang ngaroedag kamadjoean noeroetan noe sanes.

Moegi-moegi bae ieu pamaksadan laksana, sareng moegi-moegi bae kamadjengan Pasoendan noe parantos-parantos teh, sing loeloes bangloes, sing teroes-teroes madjengna, sing ngemploh daoenna, sing leubeut boeahna, didoe'akeun pisan koe „Ojot" siang wengi teu aja kendatna.

Kagegelan

Ojot.

(*) Kawoewoeh ajeuna bade-ngadegkeun sakola Mulo deui,

## Titirah ngadon kantjeuh.

Katerang djisim koering, ajeuna mani reutoe' pakoempoelan lir ibarat noedjoe oesoem soepa djadi bae. Aja pakoempoelan poelitik, aja pakoempoelan economie aja pakoempoelan toenil, aja pakoempoelan mamaos sareng djabi ti eta.

Saparantoesna rentoel-pakoempoelan, emoetan djisim koering ngaraos boengah asa lega boemi alam, margi koe pangemoet moal lepat deui ngoedag roepi-roepi djalan kana kaoetamaan tangtos enggal katepina.

Namoeng nja eta atoeh sok teu koehanteu bae beoegalanana teh, dimana aja aksi sok aja reaksi

Samemehna djisim koering nerangkeun pependakan, bade waktja heula sanes pisan teu moepakat kana ajana pakoempoelan.

Sapertos dina pakoempoelan mamaos, djisim koering sering pisan ngoeping dina prakna mamaos, seuseueurna anoe dianggo goegoeritan estoe woengkoel ngagoear atoeran noe keur bobogohan bae.

Sapertos kieu: Bisi oenoeng teu oeninga engkang teh boehaja djadi, toekang ngadjadjah nagara, toekang maling istri geulis, geus teu sieun koe Poelisi, soemawon koe Toeakampoeng, totos tarang petjah dada, teu sieun koe lawang boei, taja deui ngan oenoeng noe dibelaan.

Moal alang koemapalang. kapalang bela ka njai, moal arai panasaran, kadjeun nilar anak rabi, kamana bae rek ngiring, nadjan poepoes abdi miloe, gamparan naha bet iklas, asal sasoeka sapeurih, ka gamparan sedja

abdi ngagandekan.

Tah eta teh koe emoetan djisim koering mah noe poudok kanjaho, kirang nja katerang, njarioskeun kitoe teh meh teu benten sareng propaganda ka baroedak anoe atjan terang kana seloek beloekna hal bobogohan, Margi dina proengna mamaos noe laladjo kolot boedak koempoel.

Sedeng atoeran awewe sareng lalaki teh sanaos teu diadjar atanapi teu ditjarioskeun oge, teu boeroeng rendang baroedak.

Ieu deui njarioskeun pangwawaas kieu, pang wawaas kitoe, atoeh pikiran baroedak teh tangtos gantjang merod kana atoeran . . . . tea.

Malah pamendak djisim koering, aja boedak sering ngoepingkeun noe mamaos kaajeunakeun, estoe noe dipikir koe eta boedak, woengkoel ngan goegoeritan, sakaringkang bari ngahaleuang, ari tjitjing bari ngahariring. Koemaha djadina?

Nja, teu woedoe oge pikirna njerelek kana beger, gantjang kana roetjahna. Kawasna rek ngaboektikeun pang wawaas anoe sok dihariringkeun koe manehna. Malah djabi ti eta oge pamendak djisim koering seueur deui.

Ieu galagat teu benteu sareng noe titirah ngadon kautjeuh.

Koemargi kitoe djisim koering ngadjerit maratan langit, ngotjeak maratan mega, ka djoeragan - djoeragan Bestuur pakempelan mamaos, atanapi ka djoeragan-djoeragan noe iasa mamaos, soepaja noe ditjarioskeun dina goegoeritan dirobah.

Naha teu langkoeng sae oepami dina goegoeritan njarioskeun babad, sadjarah sadjarah noe laloehoeng panemoena, sareng pamegat kana kalatjoeran? Asa pirakoe oepami disebat awon.

Geuning kana bioskop oge boedak noe oemoerna kirang tina 18 taoen mah, teu meunang laladjo, nja eta bisi nendjo peta polah noe teu pantes dipake koe baroedak.

Poma oelah ditioeng geus hoedjan, bisi baraseuh! Sakieu bae lanan engke kapajoen oerang teraskeun deui.

Hormatna ti

**Aki panjoempit**

Panambih.

Koemaha ari boekoe-boekoe Soenda, karangan kaajeunakeun, keur baroedak? (ccrr).

## Oebar moestazab.

Ki Bedegoel datang ka kantor ka Assistenan:

Dag! Meneer Hulp!

Dag! Bedegoel! Aja naon?

Doepi Djoeragan Assistent aja di boemi?

H. Euweuh, euj! ajeuna Djoeragan Assistent keur ka desa mariksa sawah bongkor (hapa).

B. Euh, baroek, marios pare hapa, na di mana Gan, aja sawah hapa?

H: Na, teu katendjo koe sia ing? jeu sakoeliah ieu onder kabeh hapa parena?

B: Na, bade dikoemahakeun eta pare hapa teh Gan? Bade ditoeang koe Djoeragan Assistent, ngangge marios koe andjeun? Na teu tjekap dipariksa koe Djaro sareng Djoeragan Hulp, atawa Oepas?

H: Ih lalawora, deuleu! Kamari mah malah djeung Kangdjeng Dalem sagala marios pare hapa teh. Djeung lain rek diarah parena koe andjeunna tapi ambeh tetela mariksana, sabab rek dipotong padjegna, perkara padjeg tea doeit, ieuh! padjeg teh doeit! doeit! doeit!

B: Oh! dipotong padjegna, djadi moal madjegan taoen ieu mah nja! panginten? Na ari Agan teu dipertjanten perkawis artos kitoe?

H: Njao! Da dewek mah teu miloe-miloe, djeung deui noe dipariksa teh, koedoe aja djalmana deui.

B: Aeh, paingan, kamari Ki Hadji, diseuseul, koe Djoeragan Assistent, eta tjenah perkawis pare hapa, diparios sawahna, ki Hadjina teu aja, malah harita keneh teu toeloes dipariosna, da eta tjenah teu aja noe gadoehna Na teu tjekap koe noe sanes bae, da seueur atoeh saksina anoe tjaket ngarendeng sareng sawahna.

H: Ih, teu meunang, eta mah salahna sorangan bae.

B: Paingan atoeh, henteu sadaja djelema repot pare hapa, da eta omongna „barabe", padabal parena teu kaala.

H: Salahna sorangan, kapan hajang teu majar padjeg, kapan emboeng hese.

B: Nja sae pisan atoeh ngangge marios sawah hapa teh, ambeh teu madjegan panginten nja?

H: Heueuh, ambeh teu madjegan, djeung sanadjan madjegan ge, moal samistina; parona, atawa parapatna, aja noe teu pisan. koemaka roeksakna bae.

B: Djadi njaaheun panginten ka priboemi teh, oepami kitoe mah.

H: Atoeh poegoeh bae, njaaheun mah, ngan priboemina noe salah tampa.

B: Salah tampa koemaha Gan!

H: Geura euj, kapan ajeuna aja koempoelan noe emboeng diparentah

B: Baid teuing, Gan! abdi mah gila ngoeping ngaranna ge! eta, tea kitoe . . . . taeun.

H: Heueuh! Djalma kawas noe gelo noe asoep ka dinja mah.

Djeung deui eta euj! djalma-djalma teh ari rek dibere pangarti mah (sina sakola) hese naker; Kaman dewek ngirimkeun kolotna moerid ka Kawadanan, genepan, da bongan anakna teu sakola, tapi weleh nepi ka ajeuna henteu sakola keneh bae.

B: Eta mah, emoetan abdi mah, sanes salah tampa, moeng teu atjan terangeun bae, naon maksadna, sareng naon mangpaatna sakola teh. Tjobi, oepami parantos terangeun mah sapertos di Priangan, kapan teu tjekap sakolana, pareboetan malah dina ngalebetkeunana teh.

Tjobi, oepami kieu: Oerang ngadjoeroeng mandi ka boedak alit, tangtos ngawitanana mah, moal daekeun, anggoer loempat, da teu atjan terangeun kangeunahanana mandi tea.

Tah eta boedak anoe kitoe teh, oelah diantep sakarepna, nanging kedah digoeroeskeun bae, sina antjroeb, sakali doea kali tiloe kali doegi ka toemanna, engke oge oepami parantos biasa mah, indit sorangan ka tjai, zonder dititah deui.

Nja kitoe deui, oerang kampoeng, kawitna mah tangtos kedah dipaksa dibawa ka sakola, (Toeh, aja parentah desa, naon damelna?); sadinten-doea dinten tiloe dinten, dianteurkeun ka sakola, henteut 1 at. 2 dinten diteang deui; panginten engke oge, soegan sapertos boedak tea, hojongeun sorangan.

Doepi noe kitoe teh, kedah noe dipikasieun koe somahna sapertos Djoeragan-djoeragan B. B.

H: Ah, omong kosong doang dia! Poegoeh geus ditahan sapoe di Kawadanan teu kapok keneh bae.

B. Ah! meureun bae Djoeragan Assistentna, lembek teuing Djoeragan, lain ditahan bae di dieu samingoe, tah! *) hajang njaho modjokna sareng eta, sanggem abdi ge, kedah dipaksa, sanes disiksa.

H: Ah! moal bisa madjoe zeg! da tjan karep sorangan!

B. Atoeh oepami disakarepkeun bae mah matak moal aja noe sakola, sanggem abdi ge Djoeragan!

Tjobi kieu: Ari padjeg mah diberikberik, tah koe „ki djaro", teh sia koedoe majar oelah liwat ti tanggal sakitoe, djol deui, djol deui, „sia gantjang majar kolong", „sia gantjang majar belasting gorobag", doepi pangartina si somah mah diantep bae, henteu sina pinter, kamajangan moen tetep bodo.

Tjobi bae Agan, gampil mana nagih ka noe parantos ngartos, sareng ka noe tatjan ngartos?

Kapan prijaji B. B. teh parantos djadi School - Commissie. Panginten, mana kitoe ge B. B. teh kedah ngamadjengkeun pangadjaranana, sanes ngamadjengkeun padjegna bae. (Poenten sanes ka sadaja B. B., ieu mah moeng ka noe kieu bae).

Naon deui atoeh kasaeanana parentah ka somahna, oepami sanes ngamadjengkeun (masihan) kapinteranana?

Eta atoeran marios sawah teh teu kinten saena, djadi njait tina balaina si somah, (teu majar padjeg), nanging koe emoetan, oelah tonggoj bae ka dinja, doegi ka rapport-rapport ti sakola kaloeli-loeli, djalaran „teu kaboeroe" saoer Djoeragan Assistent mah, da sering teu aja di boemi, balis ka desa.

Tjobi, koemaha pimadjenganana pangadjaran, oepami moeridna teu darongkap?

Koemaha madjengna nagara, oepami sakolana moendoer?

Waktos ba'da boboran Hadji, aja 1 sakola, noe diparios koe Djoeragan Opsener, saoer Djoeragan Goeroena doegi ka „lima poeloeh opat persen" tjenah noe teu dongkap teh.

La . . . . . ka-dulah! koemaha ari kitoe?

Djabi eta aja deui noe kaetang sae di sisi tiloe poeloeh opat persen, ge nep poeloeh persen deui koelan.

Ah! moegi-moegi bae ka pajoen mah Djoeragan - djoeragan B. B. teh kersa ngamadjengkeun sakola, pedah parantos djadi Chefna!

Sareng moegi-moegi bae aja atoeran „Leerplicht" soepados enggal madjengna somahan-somahan.

**Bedegoel**

*) Ij teu kenging koe ewet, nben Zett.

## Adres djoeragan Ardiwikarta Parigi.

Djisim koering ngawalon seratan djoeragan Ardiwikarta di Sipatahoenan No. 50 tt. 8 6-1926. noe di adreskeun ka djisim koering Astahijam noe maksoedna.

1. Nganggap keujeup.
2. Solokan noe mapaj djalan bontas sanes goena njaian sawah ta pi keur njaatan.
3. Oelah resep tjerewed bisi di teke, aeh sepak deuih.
4. Oelah nanja bisi teu kahartieun.
5. Panarima koedoe benerkeun atawa salahkeun.
6. Dahar djagong atawa gaplek sampeu.
7. Di Bodjong 3 taoen 2 kali di boeat, oentoeng keneh di Prigi Tjiliang Karangbenda Bodjong Malang aja noe di boeat sakali dina 3 taoen.

1. Ieu anggapan djisim koering doegi ka moemet tjeuk basa Djawa mah soenda mah meureun rijeut, ari margina:

Oepami bae henteu ditarimakeun ieu anggapan djoeragan Ardi. Da! poegoeh welan welan pisan nadjan njarita sabenerna oge di padjarkeun ngotjomang bae meureun.

Ari ditarimakeun, jen enja koering keujeup. ah! pirakoe da djoengkeuleukna tetela manoesa.

Ah kitoe deui karep koemaha noe njeboet bae koemadinja anging Alloh noe oeninga noe sipat Rohman Rohim.

2. Oepami jaktos djoeragan Ardiwikarta oeninga jen eta solokan noe mapaj djalan Bontas sanes pangalaan tjai, tapi gosok balikna, pikeun njaatan sawahna djoeragan A. Mangoendiwirjo atawa noe sanes sanesna blok eta.

Lebah dieu djisim koering bingoeng teu kaharti naon sababna djoeragan A. Mangoendiwirjo sawahna di saatan henteu gantjang lapor ka noe wadjib.

Emoetan djisim koering pirakoe soegan tapi ari nilik boektina sring pisan djisim koering mendak wartos jen sawah blok eta kakoerangan tjai malah wartosna doeka jaktos henteuna mah, taoen ieu oge 1926, sawah djoeragan A. Mangoendiwirjo kirang langkoeng $4^1/_2$ baoe noe bera henteu tiasa ka boeka lantaran teu aja tjai. Malah parantos ditjatjar nanaon tjenah oge aja noe kapelakan, teu sepi aja noe henteu di pipitan lantaran gaboeg. Kirang langkoeng 400 bata noe njewana eta sawah Kartidjem oerang Bontas wartosna.

Tjeuk koering salah, ari benerna lapor bae ka djoeragan koewoena jen eta sawah gaboeg, ari enja mah, tah ari nilik boekti ieu mah siga enja eta solokan teh goena njaatan tapi kitoe deui doeka atoeh nja koema boektina bae.

3/4. Ari tjerewed mah pikeun djisim koering moal, koelan, teu aja panginten ngan bae soegan kitoe oge ari toemaros mah kana barang noe teu kaharti asa merenah biting-biting njaniahowanan bisi salah. Kitoe deui ngoeningakeun kaajaan noe saenja-enja na asal oelah bohong.

5. Tah lebah dieu nja eta hal panarima djisim koering henteu tiasa njaritakeun koemaha boektina bae.

7. Teu biasa djoeragan Ardiwikarta djisim koering ari neda djagong gaplek mah, nja ari sakali kalieun mah wajahna ngerebek-ngerebek oge kana beuteung.

Na! ari hatoer roti mantega biskoeit soklat soesoe nanaon.

Boa oerang sisi laoet oge lamoen mampoeh mah keur meulina beukieun.

**Astahijam.**

N. B. Aeh aja noe kalangkoeng, saoer djoeragan Ardiwikarta geura pariksa oerang Parigi Tjiliang Karang Benda Bodjong Malang. Na teu langkoeng oetami dipariksa koe noe wadjib?

A.

## Ngalih.

Djoeragan Natamihardja Mantri goeroe Sekolaklas II di Parigi.

President Pasoendan Tjabang Parigi djalaran sering pisan kenging ganggoean koe kasehatan salirana ngalih ka Lewo Halteu Malangbong.

Sanaos andjeunna ngalih, ka Pagoejoeban Pasoendan henteu bade ngantoenkeun masih tetep toemotep di kalangan Pasoendan.

Miosna ti Parigi kaleres dinten Senen tt. 5 Juli 1926 taboeh 1.22.

Noe sami djadjap ka Halteu lid-lid Pasoendan mitra-mitra Pasar. Katoet istri istri soemawonten djoeragan goeroe miwah djoeragan Mantri goeroe noe enggal oegi sami djadjap.

Moerid-moerid oge sadaja sami djadjap. Maa'loem atoeh Halte Parigi alit doegi pinoeh ka latar-latar.

Moerid-moerid di atoer beres koe djoeragan Parta goeroe bantoe. Sasalsena, ladjeng andjeunna sasaoeran kirang langkoeng kieu.

Djisim abdi sareng nami sadaja baroedak moerid-moerid oendjoek sembah noehoen wireh parantos nampi roepi-roepi piwoelang pangadjaran katampi sareng diemoetkeun pisan sakoemaha noe parantos dipiwoelang koe djoeragan Natamihardja. Oegi saladjengna reh Djoeragan ngalih ka Lewo moegi-moegi soepados ginandjar sami wiloedjeng sapoetra garwa.

Ladjeng djoeragan Natamihardja ngawalonan saoer djoeragan Parta sareng semoe semoe sedih, saoerna kirang langkoeng kieu.

Djisim koering hatoer noehoen kasadaja bae anoe sami djadjap sanaos noe henteu djadjap noe sami mikatjinta njaeta maparin roepi-roepi bantoean doegi ka sesah pinjarioskeuneunana tina ageung kabingahan nampi boedi kasaean sadaja doegi ka sakieu (seueur noe djadjap), noe henteu di kinten hate pikieueun soemawonten ka djoeragan goeroe-goeroe Teras miwoelang ka moerid-moerid sing temen wekel, getol. Sarta ngimankeun kana sakoemaha noe diwoelangkeun koe djoeragan goeroe-goeroe maraneh, kabeh. Sarta moega sing pinanggih salamet sarerea.

Taboeh 1.22 persis tren dateng ladjeng sami moeudjoeng (sasalaman ladjeng tren brangkat sareng wiloedjeng.

Ogi verslaggever njamboeng doeã. Moegi moegi djoeragan Natamihardja miwah garwa poetra sami wiloedjeng sareng oelah lali ka Pagoejoeban Pasoendan.

Verlaggever.
Secretaris Pasoendan
tjabang Parigi
**A. Mangoendiwirjo.**

## Dina Sip. No. 51.

Koering parantos nerangkeun hal nitis sareng njoeroep, koemargi kirang etjes ajeuna bade di terangkeun deui, soepados tetela pisan, saperti Pereboe Kresna Dipajana (Resi Abiasa) andjeunna Goeroe Boedha hnoehoeng namoeng Goegoeroe keneh ka Dewa Ilja saleresna Bagenda Iljas dina Sip, No. 51. Ka Bagenda Hidir eta lepat, Resi Abias poepoesna, tjeuk anoe paningal kirang tapis kantenan disebat nitis ka Pereboe Depajana (Parikesit) tjonggahna, margi dina waktos poepoes ditjarioskeun koe dalang di pagsag rata tjahja, tjoemlarat tjahja lebet kana goea garba Dewi Otari, ladjeng kagoengan poetra Parikesit, tah tjeuk saliwat mah kantenan eta nitis, namoeng saleresna henteu, margi sadaja paripolah Abijasa henteu aja di Parikesit, moeng ieu mah kanggo tawis bae tjeuk Djawa mah, amoeng mongko sasmita warana, widji wangsoel maring widjine, dat amemboehi ingrat.

Ari nitisna batara Soenan Wisnoe ka Batara Kresna, atawa ka Ramawi djaja sareng ka Pereboe Maespati aja tjiri di anoe dititisan njaeta lamoen bendoe ladjeng tiwikrama djleg djadi Boeta Ageung, djadi tetela nitis teh masih mawa hawa, sanes deui sareng Abiasa margi saparipolah Abiasa henteu aja di Parikesit.

Soepaja djadi pertimbangan paramaos teroetama djoeragan W. S. koering bade njarios babasan karoehoen Wali sanga ka sapoeloeh Wali toenggal kieu atoeranana koering bade milang.

1. 2. 3. 4. 5. 6. 7. 8. sanga sapoeloeh poelih sawelas telas tanpa tilas, tah djadi aja 10 soteh hidji + 0 naha enja toenggal tjeuk noe nanja? enja kieu geura

$1 \times 9 + 2 = 11$
$12 \times 9 + 3 = 111$
$123 \times 9 + 4 = 1111$
$1234 \times 9 + 5 = 11111$

Djeung sateroesna sampe 9, naha enja boelang balik? tjeuk noe nanja enja, kieu geura.

$1 \times 9 = 9$
$2 \times 9 = 18 = 1 + 8 = 9$
$3 \times 9 = 27 = 2 + 7 = 9$
$4 \times 9 = 36 = 3 + 6 = 9$
$5 \times 9 = 45 = 4 + 5 = 9$
djeung sateroesna

Aja deui babasan sepoeh, djoemeneng ing negara pantja tengah.

1, 2. 3. 4. 5. 6. 7. 8. 9.
$1 + 9 = 10 = 1 + 0$
$2 + 8 = 10 = 1 + 0$
$3 + 7 = 10 = 1 + 0$
$4 + 6 = 10 = 1 + 0$

kantoen 5 = 1 di tengah noe 4 kabagi kiblat 4 tjeuk basa sepoeh hajoe = kajoe pangni sekawan = kajoe dahana 4 tapi bade ditjarioskeun koe basa padalangan moal koe basa soenda, bisi kaget.

Kajoe = hajoe = gesang pange sekawan njaeta 1 = soekmawisesa 2 soekma loehoer 3 soekma Poerba 4 soekma langgeng.

Tjeuk koering oge tadi aja basa sapoeloeh poelih sawelas tilas tanpa tilas, aja basa sapoeloeh soteh 1 + 0 tah ieu silokana wangsoel dateng kahanan djati, atawa wangsoel dateng poerwaning doemadi. Tingali Kangdjeng Nabi Adam ari tjeuk boeda mah sangiang Athama, samemeh aja baboe hawa parantos hiroep namoeng moerni. saparantos Adam hawa ladjeng palaj boeah holdi tjeuk boeda kaholodi, nja kenging bebendon ti Pangeran ditoendoeng ti sawerga.

Tah di dieu pikiraneun tjatjak kdj. Nabi Adam oepami (Hawa) henteu toeang boewah holdi atoeh moal aja manoesa anoe ngeusian djagat, oge oerang tarima toeroenan ti Kg. Nabi anoe kabendon ti Pangeran??

Tadi tjeuk koering Kangdjeng Nabi Adam parantos djoemeneng di sawerga mimiti sareng baboe Hawa oge djadi tetela hiroep di Alam sawerga teu kalawan Hawa, ari ajeuna mah margi Kg. Nabi Adam di loengsoerkeun kadoenja hiroepna kalawan Hawa, tingali orok hiroep di djero beuteung sareng hiroep didjoeroekeun, nah ajeuna kantoen djoeragan W.S. kedah masihan katerangan nanging oelah padoe.

**H. Proewito.**

N. B.

Noe penting ditjarioskeun di dieu njaeta poepoesna Abiasa sareng Wisnoe nitis Abiasa wangsoel dateng Poerwaning doemadi (kahanandjati) ari Wisnoe wangsoel toemitah deui $2 \times 9 = 18 = 1 + 8 = 9$.

Abijasa = sapoeloeh poelih = 10 teh = 1 + 0 hartosna hidji eta toedoeh kana Ana. Ari 0 toedoeh kana kosong = soewoeng, djadi ari aja teh asal tina kosong tapi kade balik djadi Amoen amoen. Hal ieu kantoen koemaha resepna „Wama moehitoen bil ibad" tjeuk noe nanja Nabi naon noe geus nitis? Wali mana noe geus njoeroep?

## Comite Saka.

„Moefakkat"! Toeh deuleu bapa maneh Siki, edeg bari mentjrong kana Sipatahoenan sarta njeboet moepakatna lekoh pisan, teu tolih kana tjikopi ledok djeung beuleum apeuna.

Atoeh poegoeh moefakatna, mohal henteuna; tjek Siki bari meta nendjo djeung matja Sipatahoenan No. 2 dina Pangdeudeul ka djr. langganan No. 9, hal nambahan ongkos kwaartal keur katjilakaan tea. Sakali deui adi moepakat kana pangadjak djr. langganan No. 519 (SP. No. 2), malah ajeuna ge adi mah rek ngadegkeun Comite bae tina perkara ieu.

Comite koemaha, tembal Si Soekoe, moen dek ge njieun koemisi meureun pikeun neangan anoe akoer kana eta pangadjak, hal ieu lain pagawean oerang, da teu njaho tea; saha No. 9 teh djeung saha No. 519 atawa noe ti Tjiandjoer tea geuning, hal ieu oerang pasrahkeun ka noe ngamoedi Sp. bae.

Hal ieu gampang, tembal adina. Oerang njieun ideran bae koe drukwerk, anoe engkena ti sakabeh langganan dikirimkeun deui, make katrangan „poer" atawa „tehen" anoe moepakat kana sakwaartal 2 roepia koedoe „poer", anoe tetep bae f 1.50 koedoe njeboet „tehen". Anoe kitoe meureun moal aja harepan kana meunangna soembangan dimana aja katjanir bangban.

Ajeuna oerang opatan geus „poer" djr. langganan No. 9 djeung 519 tangtoe, da eta noe karagoengan pokal, sarta sawatara ti Tjiandjoer

oge rea noe moepakat, djabi ti eta oerang soehoenkeun ka sakoer agent atawa koresponden koresponden SP. anoe tadina perdio, ajeuna mah disoehoenkeun pamajaranana lima ketip bae dina sakwartaal, oerang soehoenkeun djadi kaoem „poer" kana ieu maksoed.

Hormatna

**Familie Saka**

## Mestakeun Sakola Radja Bandoeng 60 tahoen.

BANDOENG, tjap kantorpos.
SARENG HORMAT.

Hatoer oeninga ka soegri anoe tatjan taringali, roh Kweekschool v. I. O. Bandoeng doegi ka sasih Mei 1926 ngadegna parantos 60 taoen.

Dina saleset waktos sakitoe lamina, henteu kedah ditjarioskeun deui sakoemaha kaageungna djasana eta sakola ka oerang poelo Djawa.

„BAROEK KA OERANG POELO DJAWA?" Manawi aja sapalih-palihcun anoe mariksakeun.

Kantenan . . . . . . . malah kirang lega keneh sajaktosna mah da Borneo sareng Soematra mah tadi henteu disebat.

Doea poeloeh toedjoeh taoen lamina (doegi ka 1897) Goeroe-goeroe noe dikadjawatengahkeun, sapalih-palihcun ka Djawa wetan, asalna kaloearan Kweekschool Bandoeng.

Kabehdieunakeun seueur Goeroe-goeroe anoe ditempatkeun di Borneo sareng Soematra.

Menggah djasa anoe parantos toemiba ka oerang Pasoendan mah teu kedah dipihatoer deui, koe sadaja oge kaaroeninga natrat teu pegat-pegat oenggal taoen rata-rata aja poeloeh doeana, Goeroe-goeroe nonoman anoe parantos dipertjanten ngaliarkeun elmoe elmoe kengingna kekempel di Kweekschool tea.

Koe margi eta, kalawan pirempagna parapoetrana—nja eta Djoeragan-djoeragan anoe parantos sami ngaraos kahoetangan djasa Kweekschool—dina sasih Mei 1926 teh paralaj narembongkeun tawis kabingahan, sakahan njalametkeun hadjat ka 60 taoenna tea.

Nanging koe margi dina sasih eta di Kweekschool aja pambengan kapaksa kedah ngilari waktos anoe saise kangge ka sadaja.

Voorloepig Comite di Bandoeng noe narawis di handap ieu parantos nangtoskeun iraha pisaeeunana eta rarameun, nja eta ping 20 & 21 September, sasih pajoen, margi:

a. Dina sasih eta di Kweekschool parantos loegina teu aja pambengan naon naon.

b. Kaleresan waktos eta, vacantie September.

c. Meh ninggang pisan dina vacantie Moeloed.

Doepi piwaragadeunana, rarameun koe Djoeragan-djoeragan sadaja tangtos parantos kamaphoem.

Menggah Comite henteu ngemoet-ngemoet ari kana panjoembang ti palapoetrana mah, margi sanadjan teu diantos-antos oge tangtos harideng koe arandjeun, ngarintoenkeun, margi arandjeunna anoe karagoengan kapalaj njalametkeun tea oge.

Anoe sanget diantos-antosna koe Comite teh, panjoembang ti poetoe, boejoet, bao, tjanggahwarengna. Tanpala ari ti oedeg oedeg, gantoengsiwoerna mah, ma'loem tina kawargian parantos laer tea.

Nanging sakitoe deui, Comite henteu hamham deui kana ajana goendoekan piwaragadeunana teh, margi pertjanten ka sadaja palapoetrana, tangtos noe araja di mana mendi enggal-enggal barndanten sareng poetoe boejoetna ngajakeun Sub Comite, baris ngabarempagkeun sareng anoe sanes-sanes, ngababarkeun kawargian, soepanten hasil sakoemaha pamaksadan tea.

Piwaragadeun rarameun dikempelkeun koe Penningmeester di Bandoeng.

Doepi Djoeragan-djoeragan, bade ngintoenkeun panjoembang rorodjogan ka Bandoeng bae mangga, bade dikempelkeun di Sub Comite heula bae mangga, asal sadajana dina 10 Augustus kedah parantos kempel sadaja di Comite di Bandoeng, soepanten ti samemehna breg rarameun, tiasa ngadamel heula wintjikan balandja kaperloean dina waktosna.

Panoetoep pihatoer, sadajana Djoeragan djoeragan anoe bade ngarsakeun soemping dina waktosna, atanapi moendoet katrangan anoe paos, moegi kersa njeratan ka Secretaris.

Hatoer salam
VOORLOOPIG COMITE.

**J. G. van THULL,**
Voorz. Kweekschool Bandoeng

**A. P. JANSEN,**
Secr. Kweekschool Bandoeng

**R. DJAJADIREDJA,**
Penum. Kweekschool Bandoeng

N. B. Djoeragan djoeragan anoe parantos ngadamel Sub Comite, panoehoen moegi kersa enggal maparin wartos ka Secretaris soepanten Voorl: Comite tiasa terang di mana ajana hidji-hidjina Sub Comite tea, noen.

J. G. v. Th.

## Kaboeka kedok.

**(Samboengan Sip. No. 2.)**

Voorzitter H. B. P. E. B. toean Engelenberg di Volksraad tina hal ieu geus ditjempad tapi mamandaloeanan sarta gantjang njeboet: „koering mah teu mais teu meuleum".

Meureun koe sarerea oge moal teu kaharti koemaha oerang sarerea ngangggapna kana eta ketjap: „teu njaho-njaho teh". Djoeng oepama engke eta toean Engelenberg dina biantarana di Bandoeng, njeboet: „oerang mah teu hajang dipoeiang tarima, taja pangarahan"! Ditema koe Mr. Talma anoe noendjang P. E. B. koe doeit jen taja kaberatanana asal hasil.

Djadi eta toean-toean teh, saperti toekang dagang, nanja naon pihasileunana doeitna teh. Toean Talma „ngira" jen koe Pamarentah oge diroedjoekan kana maksoadna teh. Ajeuna oerang sarerea nanja: Saha anoe lantjang koemawani ngahina ka Pamarentah, saha noe ngabentjahkeun, soepaja petjoh, sili arah, sili teu pertjaja silih pikangewa diantara bangsa bangsa di Hindia, saha anoe njamplangkeun, ngera-ngera bangsa Priboemi oge teu hajangeun deui pertjaja ka Pamarentah?

Toer dina waktoe anoe sakieu perloena koedoena babareungan, silih adaban sarta sili hargaan antara Hindia djeung Nagri Walanda.

Ka doea kali nanja: Naha Pamarentah Agoeng kana kalakoean noe saroepa kitoe anoe ngaroeksak kana kakawasaan Pamarentah, henteu djadi sabab pikeun miwarang Justitie soepaja ngadakwa teu kalawan pilih boeloe jen maranehanana teh ngalanggar art. 154—161 bis W. v. S.

Djeung arandjeun Bopati-Bopati Poelo Djawa, noe nangtajoengan rajat tina hakna djeung pangadilanana, naha arandjeun teu koedoe toehoe njekel ka neutralan ka sing saha oge. Ajeuna arandjeun oeninga ngahinakeunana P. E. B. ka arandjeun lamoen kalersa djadi parabotna propaganda koe „dibintangan atawa gelaran".

Bopati Sidhoardjo djeung noe sedjen ajeuna andjeun oeninga, ti andjeun rek mimitina. Andjeun dipertjaja kana bisana djadi toelang tonggong propaganda P. E. B.

Oepami engke aja propagandist njarita tina perkara embe aloes atawa sapi, koeda, oeninga meureun naon maksoedna.

Bisi ngira jen kawadjiban arandjeun nangtajoengan djelema barodo, lenjepan jen P. E. B. noe kawasa teh engke njeboet saperti ka Boepati Modjokerto tea.

Ajeuna oerang noenggoe dawoehan Pamarentah noe koe oerang dipertjaja pikeun „maparin djawaban ka eta koempoelan anoe sakitoe hinana, soepaja oelah kadoea kali diboeka kedokna.

**Het Bestuur der afd. Bd.**
**v/d N. I. V. B.**


**BAROE TRIMA.**

Roepa-roepa sigaret: Karel I, Torum, Moortjes, Ameropo, Delftsche Post. Digoetten, Abdulla, Clysma, Telecia Maspero, dan Kyriazi.

Roepa-roepa port, malaga etc.
Katjamata-katjamata mas, nikkel, double

**Preanger Chemicaliën Handel**
**TASIKMALAJA.**



# Sakola H. I. S. „Galoeh"
**di Tjiamis.**

Hatoer oeninga ka soegri noe karagoengan poetra, boh istri, boh pameget, wireh di H. I. S. „Galoeh" masih aja keneh tempat kanggo moerid klas I, II sareng III.

Soegri noe bade ngalebetkeun sae tjandak bae moerangkalihna ka sakola saban dinten endling-endjing, twal dinten Minggoe.

Maksadna H. I. S. „Galoeh" sami sareng H. I. S. Gouvernement, nja kitoe deui aloeranana.

Doepi bentenna ieu mah H. I. S. kenging oesahana oerang Tjiamis kalawan ngoentoga ka Nagara, saperios H. I. S. Pasoendan Tasik kitoe.

Tjiamis 11 Juli 1926
Wd Hoofd der School
**M. C. Kartaatmadja.**



# AWAS!!

Masing emoet, ka Bibliotheek „SINAR KAMADJOEAN". Salamina NJAJAGIKEUN roepi-roepi BOEKOE aoseun pikeun TAMBOETEUN sareng GALEUHEUN, anoe SAE, anoe LOETJOE, anoe KAME anoe dipikaresep koe Djaman ajeuna.

Mangga soemping! tjobian bae heula!!



## Maoe didjoeal

Satoe gedong atep genteng dan bilik tembok pekarangan dan sedia tempat mobil, kamer mandi waterleiding compleet.

Lebar 62 tata di kampoeng Tanwangkoelon No. 34 dappat sewaan f 60. seboelan. Boleh periksa dan berdami harga sama

**Atmo Soedirdjo.**

Djadjawaj No. 7 gang 3 Station.
Tasikmalaja.



# Waroeng „PERLOE"
**di LENGKONG.**

Sajagi sagala roepi kaperloean sadidiuten.

Sanaos waroeng alit, nanging pangaos sami sareng toko ageng.

Diboeka oenggal dinten ti taboeh 7—1 sareng ti taboeh 3—8 sonten.

**Roekanta.**



Ngilari sareng enggal lebet kana damel 2 istri toekang Borduur anoe parantos paham ngadamel raksoekan njonja-njonja Tiong Hoa.

Serat serat katrangan parantos didamel di mana mana kedah dilampirkeun sareng dina lamaran kedah nerangkeun sabaraha moendoet gadjih.

Noe ngantos
**Njonja Gouw Na Hian**
**Handelstraat Buitenzorg.**



**TOKO BOEKOE**
# M. I. PRAWIRA WINATA.
**Katja-Katja WETAN 132 BANDOENG.**

ENGGAL POENDOET SALABARAN
## Wawatjan Sadjarah Ambia.

Hidji boekoe (kitab) anoe kedah dipoesti poesti koe sadaja Kaom Moeslimin anoe iman ka Pangeran. Eusina njarioskeun ti ngawitan Goesti Allah ngadamel: Noer Moehamad, Hidjaboel rohman, Djohar Awal, Sawarga, Malaikat. Widadari, Aras, Koersi, Lohmahfoed, Loh kalam. Sadjaratoelmoentaha, Lakalhamdoe. Naraka, Alam laoet, Angin Toedjoeh lapis langit, Boemi ping pitoe, Dingdingdjalal, Boelan, Bentang, Srangenge, Bangsa Djan, Ibnoedjan, Malaikat Idadjil Tapel Adam, Nabi Adam, enz. enz. toetoeg doemoegi ka poepoesna panoetan oerang Kangdjeng Nabi Moehammad s. a. w.

Oepami parantos maos salabaranana kantoen ngamanah-manah.

KOOPT EN VERKOOPT TWEEDEHANDSCH BOEKEN.

Moderne talen. Werken op elke gebied.

Boekenlijsten gratis.



**TOKO**
**Universeel Agentschap**
# NIC MULLER
**TASIKMALAJA**
**Goenoengladoe No. 15**
Telefoon No. 26.

Ngitjal sagala roepi landong patent
Pilandongeun (Chemicalien).
Anggoer obat.
Roepi-roepi kembang goela.
Roko -Soeroetoe—Sigaret.
Tjelep (sipoehan) roepi-roepi.

Ngilari di tempat ageng Agent noe bade ngadjoeal obat-obat, sareng djelema noe nanggoeng ngoeriling dagang obat.

Noe moendoet prijscourant dikintoen gratis.

Hoermatna
**Nic. MULLER.**



## Wawatjan Keng Hajani
(Malati di kota Padang)

Karangan Boedjangga Soenda moal aja noe bireuk ka Djoerg. Mangoen Dikaria. Basa sareng eusi maroenel lalimit beresih, tjarios beh dieu pisan di Padang. Pangaos f 0.50 kenging ti

**TOKO PASOENDAN**
**TASIKMALAJA.**

N. B. Noe ngagaleuh kontan,
10 boekoe doegi ka 19 a f 0.45
20 „ „ „ 29 a f 0.40
Djabi ongkos.

— :o: —

Ka ahli sareng ka noe bade tani

Bade diitjal 515 bata kebon (tatadjoeran) eusi roepi-roepi palawidja tjaoe sareng kirang langkoeng 60 kitri loehoer satangtoeng, pamiaraan beres diatoer. Ajana di Paroengsari Kalereun Kawadanan Bandjar perdjalanan 15 menit ti setation. Sae taringalian heula. Hal pangaos badanten ka

**TOKO PASOENDAN**
**Tasikmalaja.**



BADE KALOEAR dina sasih September 1926:

# „EMPAT BAHASA HINDIA"

Boekoe pangadjaran pikeun diadjar sorangan bahasa
**WALANDA-MALAJOE-SOENDA-DJAWA.**

Karangan
**L. A. LEZER.**

Katerangan kenging **gratis** oepami ngintoen adres ka

# Toko boekoe L. A. LEZER Tasikmalaja.



## Vlechterij „LUX"

Sajagi roepi-roepi karadjinan tina anjaman noeroet model anoe dipikapalaj koe djaman. Damelan kenging diabenkeun, pangaos sedeng. Mangga taringalian. Moendoet kanggo itjaleun deui sae badanten.

Hormatna
anoe ngantos-ngantos
pesenan
**Vlechterij „LUX"**
Tasikmalaja.



**TECELFABRIEK**
## „NAJA"

Ajeuna di djalan Tjieunteung tilas H. I. S. Pasoendan

Nampi pesenan roepi-roepi tegel, damelan sae ditangel sareng mirah. Pertjontoan dikintoen pertjoemah, mangga maroendoet sareng tingalian.

Directeur.



# Toko en Drukkerij

**Pasoendan Tasikmalaja.**

Boekoe-boekoe saniskanten pangadjaran sakola, Bale Poestaka sareng roepi-roepi aosan sepoeh anom pameget istri. Batara Rama I en II Wajang Poerwa (babadna Pendawa).

Tinoenan: Roepi-roepi saroeng geroesan, palekat, andoek-andoek sadaja kaloearan Soekasoekoer karadjinan oerang Soenda.

Tjitakan: Roepi-roepi staat. oendangan sareng blanco blanco. Henteu awis. Sadaja pangaos galib ajeuna mirah bae.

Wawatjan Batara Rama III . . . f 0,50

## Comite Penoeloeng ketjilakaan gempa boemi di Soematra barat.

### BANDOENG

Bandoeng 12 Juli 1926

Kekengingan pikeun noeloeng anoe katjilakaan di Soematra Koelon tea, anoe parantos katampi koe Comite di Bandoeng doegi ka dinten Minggoe ping 11 Juli 1926 nja eta ti:

| | | |
|---|---|---|
| Postwissel ti Djoeragan J. J. A. van Winsen di Tjimahi | f | 100,— |
| Wonosobofonds | „ | 230,— |
| 2 bus di masdjid Bandoeng | „ | 13.10 |
| Lijst No. 12 Djrg. Noekman | „ | 42.50 |
| „ „ 1 2-3-41 Djrg. Apandi | „ | 5,85 |
| „ „ 21-22 Djrg. Anwar | „ | 5, - |
| „ „ 25 t/m 30 Djrg Gazali | „ | 38.— |
| „ „ 6 8-11 Djrg. Semawi | „ | 150,— |
| „ „ 40 Djrg. Prawiradipoetra | „ | 23.65 |
| „ „ 33 Djoeragan Bakrie | „ | 2.50 |
| Djoemblah | f | 610,60 |

Kana sih piwelasna para-Djoeragan, Comite hatoer sewoe noehoen sareng ageung keneh pangharepan. Ti saha deui?

## Tjalon Gecommitteerden Regentschapsraad Tjiamis.

Tjeuk bedja noe divoorstel koe koempoelan Raad Kaboepaten Tjiamis tanggal 6 Juli 1926 pielideun Coll. v. Gecom. nja eta:

1. Raden Koesoemah Soewanda Djaksa pensioen
2. M. G. Kartaatmadja, wd. Hoofd part. H. I. S. Galoeh ngarangkep djeung djadi Vice-Voorzitter Pasoendan afdeeling Tjiamis.
3. W. Wolterbeek Muller Adj. Adm. afd. Bank Tjiamis.
4. Tan Tjeng Swan, Chin. Wijkmeester Tm.

Keur pl. vervanger lid.

1. M. Soebitaatmadja.
2. Lim Kin Hoat.

## Pikiran!

mo sae teu pipiloeeun.
Taoen ka tiloe tjoendoek,
taoen ka doea geus liwat,
taoen ka hidji mo kapanggih deui.
Bangsa Soenda keur
neut-neut ageung!
Alhamdoelillah
Keur diadjar ngolah nagara,
keur diadjar oesaha,
keur diadjar sagala,
soegri noe perloe keur
anak-intjoe,
toer loejoe,
mapaj djalan noe Oetama.
Misil Enden Poerbasari,
geus dongkap kana mangsana:
**„Oerang palega-lega boema!"**

M. G. K.

Timbang-Windoe 8 Juli 1926.

## Katerangan ti toean Tideman.

Djisim koering kirang panoedjoe kana ngoewarkeun babadamian dina vergadering J. S. W. B. noe geus kaoengel tjara dina notulenna. Ieu perkara koe koering rek dioeroes sakoemaha mistina heula djeung Bestuur J. S. W. B..

Noe rek ditjaritakeun teh babakoena perkara maksoed „actie", noe rek didjalankeun tea. Samemehna, mere terang, jen notulen tina eta vergadering teh, teu pisan ditembongkeun ka koering.

Dina eta verslag noe kasabit-sabit sababaraha kali teh P. E. B. bae, tapi saestoena pisan mah lain P. E. B. eta teh, koedoena mah P. E. B. Departement Oost Java, da meureun koe noe saroemping oge tangtos kabartos pisan, jen eta babadamian diajakeunana teh woengkoel ka propagandist Dep. Oost Java djeung Comite van Bestuur.

Ari H. B. P. E. B. mah estoening teu terang naon-naon. Da boektina ka behdieunakeun genning teu djeung H. B. mah teu bisa prak; tapi dina waktoe eta ieu perkara geus dioewarkeun.

Oge dina njatetkeun tjaritaan toean Voorzitter djeung t. Tichelaar tina hal koempoelan - koempoelan regent, soelaja djeung boektina. Da tina hal eta mah sama sakali teu sakemek-kemek atjan, ongkoh oepama di enjana oge njaritakeun, meureun noe dimaksoed teh woengkoel „vereeniging van Regenten."

Aja oge noe ditjaritakeun nja eta koempoelan koempoelan noe dipingpin koe dalem-dalem, tapi da eta mah lain beunang ngadegkeun t. Engelenberg.

Tah, sakitoe koerang terangna noe njieun verslag teh tina doedoekna ieu perkara.

Nja kitoe deui tina hal Regent-Regent noe dioetjapkeun koe koering. Noe ditjatoerkeun teh woengkoel tina perkara kominis djeung sikepna Dalem-Dalem kana ieu pergerakan. Djigana geus kapopohokeun hal ieu teh, koe sabab Pamarentah ajeuna mah geus make djalan noe leuwih keras. Koe sakitoe tjakepna djalan Pamarentah ajeuna (ferme houding v/d Regeering) amtenar-amtenar teh njarahoeun ajeuna mah, naon noe beunang didjalankeun koe maranehanana. Dina eta vergadering, koering teh njeboetkeun, jen badena (gelukkig) loba Regen-Regen noe teu loeak-leok (vaste houding) dina prakna didamel, sanadjan kitoe reudjeung kieu oge. Diantara ieu Regen-Regen, noe kaemoet koe koering oge Dalem Pasoeroean, tapi sama sakali, teu pisan patali djeung hidji perkara noe ditoedjoel koe P. E. B. Oge Dalem-Dalem noe geus kasebat koe koering, eta kabeh, koe emoetan pohara ngahalanganana kana ajana kominis teh. Tah, pareleua eta perkara kieu teh, dina notulen samasakali teu aja.

Samboengeun.

# K A B A R.

(keur noe teu matja s. k. Walanda).

Dina verslag koemisi ti Volksraad noe mariksa kaajaanana Algemeene Rekenkamer diseboetkeun jen doeit Goeperemen f 206.296.831.78 noe dipake meulian pare dina taboen 1918 nepi ka 1921 kakara katarima deui f 51.404.64.

Koemisi menta ka Pamarentah soepaja dipariksa di mana doeit noe sawareh deui, (katjida teuing, paingan padjeg beurat Corr.). Tina Ind. Courant.

—o—

Minister djadjaban Dr. Koningsberger menta ka G. G. soepaja dipariksa koemaha kaajaanana Soegono (Communist) di boei Semarang keur waktoe maotna.

—o—

Koemisi verponding di Soerabaja dirobah lantaran dina nganslag teu poegoeh rea noe salah (koemaha di tempat sedjen? Zetter.)

—o—

Rd. Tirtodanoeredjo journalist pamanggoel S. I. maot di Kediri dina Joeswa 70 tahoen.

—o—

Di Toerki dirobah atoeran kawin, papakean, atoeran agama, nja eta soepaja narimbang djeung kaajaan djaman.

Atoeran woeloe rek dirobah moeka sapatoe bareupeun masigit moal didjalankeun. **Poeasa dina boelan Ramdan rek dileungitkeun.** Poepoedjian djeung kotbah rek dirobah. Noe rek kotbah di masigit koedoe dibewarakeun heula ngaranna djeung koedoe dibewarakeun perkara naon noe rek dibatja. Salat rek diganti koe basa Toerki moal koe basa Arab. Koer'an geus disalin di Angora kana basa Toerki.

Di Angora rek ngadegkeun sakola Agama Islam loehoer.

—o—

Kapal terbang noe hiber ti Nederland ka Hindia ragrag deukeut Broessel. Noe toempak De Vree djeung H. Hepner maot.

—o—

Tanggal 1 Augustus di Nagasaki rek diajakeun Congres persatoean Azia. Noe bakal datang kana Congres nja eta oetoesan-oetoesan ti Djepang, Tiongkok, Hindia Inggris, Siem, Afganistan, Pilipina, Toerki, Persi djeung Mongolie. Noe rek ditjaritakeun babakoena ngadegna persatoean Azia pagoejoeban sakabeh pangeusi Azia, ngamadjoekeun kaadaban (Cultuur). Azia djeung perdjalananana ngahidjina tanah-tanah di Azia.

—o—

Kareta api pinoeh koe djelema noe tas ti pasar di Piladang deukeut Fort de Koch (Soematra Koelon) tigebroes kana djoengkrang, koerang terang naon sababna.

—o—

Di Bangkok noe keuna koe panjakit kolera 36, di Saigon 32, di Haiphong 17 djeung di Calcutta 44.

—o—

Tanggal 10 Juli di Soerabaja aja pesta Studieclub (Interinsulaire dag). Wakil pagoejoeban - pagoejoeban noe datang: S. I. Sarikat Ambon Perserikatan Minahasa, Sarikat Madoera djeung Pagoejoeban Pasoendan.

—o—

Goedang obat deukeut Lake Denmark disamber gelap sarta bitoe. (Amerika Kaler). Doea pertiloena pagawe noe moesna, 30 imah noe djaoehna aja kana 2 K. M. roeksak.

Karoegian gendena di antara 80 djeung 100 mill. dollar.

Tina Ind. Court.

—o—


**PIRELLI AUTO BANDEN**

**(Fabriek ITALIE)**

Agentschap Afdeeling Tasikmalaja.

**YO TEK SENG**

Telefoon 70.

Sekarang kita bisa tawarken pada Toean², dari satoe matjem band - auto merk Pirelli, jang soeda termashoer dari ia poenja koewat dan awet dipakenja. Di Negri ITALIE, ampir semoea orang jang mempoenjai auto tida soeka pake lain merk, selainnja dari merk Pirelli.

Satoe kaoentoengan besar boeat Toean-toean jang mempoenjai auto atawa vracht-auto kapan pake band auto merk Pirelli.

Djikaloe nomor² jang Toean² minta kabetoelan kita tida sedia, kita bisa kasi dateng didalem tempo sedikit hari, sebab kita bisa dapet bantoean dari Toko di Batavia, Soerabaja, dan Singapore.



**OEIJ HAN LIE**

Singaparnaweg 91.

Tasikmalaja.

Autoverhuurderij & Batikhandel.

Tiasa kenging njewa oto sareng ngagaleuh batik-batik noe sarae sareng tiasa oge pikeun noe keur itjaleun deui (kodi-kodian) ti noe mirah dongkip ka noe pang saena, noe seucurna batik Tasikmalaja. Anoe tebih kenging pesen koe serat asal tiasa nampi Rembours, noe teu ka manah tiasa diwangsoelkeun deui!



**Toko SOENDA**

**TASIKMALAJA.**

Telefoon No. 56

Ngawitan dina ping 20 Maart parantos disajagikeun roepi roepi sepatoe, slop sandel, troempah, anoe didamel tina **Crepe rubber**, oepami anoe tebih kenging pesen koe serat asal disebat nomerna, doepi kakiatanana teu kantos dipoedji deui, margi parantos pada oeninga.



**Schoenmakerij en Kleermakerij „Malah Mandar"**

Stationsweg 21 Tasikmalaja.

Tiasa nampi pesenan (kengkenan) ngadamel roepi-roepi raksoekan anggoeun pameget atanapi moerangkalih modelna tiasa noemoetkeun sakoemaha kapalaj, sareng disajagikeun roepi-roepi lawonna.

Oge njalagian slop-slop, sendal-sendal spatoe-spatoe ketoe oedeng model Djawa sareng Soenda Kopeah boeloedroe noe kasar sareng noe sae.

Hoermatna noe ngantos

pesenan poen

**O. Sasmita.**

N. B.

| | |
|---|---|
| Toedoeng Panama noedidamel tina palm | f 8,— |
| „ „ „ djakat | f 2,50 |
| strobin (pamoelasna) | f 0,25 |



**DOCTOR SOEKARDJO**

**Heerenstraat No. 18**

**(Poengkoereun Masdjid)**

Nampi tamoe oenggal dinten.



**ADRES noe parantos KASOHOR**

**DAHJAN**

Toekang Mas Roemah No. 18

Tasikmalaja.

Ngitjal roepi-roepi perhijasan tina mas sareng perak. sareng nampi padamelan, sapertos: Ngadamel pinggel penitih, lelepen sareng sanes - sanes deui, ongkosna kenging mirah padamelan di tanggel sae sareng enggal.

Ngitjal roepi-roepi erlodji.

Sapertos: Erlodji sakoe, erlodji tangan, tina mas, perak alpaka merek election sareng sanes-sanes deui merek mangga djoeragan-djoeragan enggal saroemping soepados kaoeninga.

Tina tentoonstelling Tasikmalaja parantos kenging Medali Mas.

EEREDIPLOMA



**Doekoen beranak particulier**

**Nji R. Noerkati.**

Slagangga : — : Tjiamis.

Noeloeng ka anoe bade habar di lebet atanapi di loear kota. Nampi panjaoer ka anoe tebih-tebih, tiasa ngoeroes di noemi anoe teu damang atanapi noe babar, sae badanten heula.

Noe ngantos.



**Dr. Tan TJOEN HAIJ**

**ARTS.**

Di Kebondjoekoet Zuid Bandoeng, tjaket tilas boemina

Djr. Dr. Sa'eh Marhoem

**Waktosna.**

**Endjing-endjing 7 - 9**

**sonten 4 - 5**



FROM

**TABIB FAZAL MOHAMAD**

**HINDOESTAN'S MEDICINE SHOP**

**TJIHIDEUNG No. 14 TASIKMALAJA.**

VERKLARING.

Anoe nanda tangan di handap ieu R. H. Achmad Cartobie di Tjitanen Tasikmalaja nerangkeun kamandjoeranana oebar ti Toko Fazal Mohamad di Tasikmalaja. Anoe geus ditjoba koe sim koering babakoena tina perkara oebar panjakit Ambej. Ieu panjakit noeroetkeun kajakinan bangsa Tabib jen koedoe dibelek (operatie). Tapi sanggeusna sim koering dioebaran koe ti Toko Obat Hindoestan noe kaseboet di loehoer, bisa tjageur teu di belek deui.

Djadi kasanggoepanana eta obat noe geus disebarkeun di soerat kabar estoe benerna, toer ongkosna moerah pisan, lamoen dibandingkeun djeung banggana panjakit.

Tanda tangan noe kaseboet di loehoer

**H. A. Cartobie.**

Jang lain dari itoe ada banjak jang kasih poedjian saperti:

Dari; Toean Buirger Noesa Kambangan Tjilatjap.
Toean Moh. Bawasir Tjilatjap.
Hadji Abdoel Hamid Tjilatjap.
Toean J. A. Tan Djokjakarta.
Toean Basiroean Delangoe Djokja
M. Prawiro Djokja Toegoe.
M. Soekantapradja Kalangsari Tasikmalaja.
R. Wiria Manondjaja. Toean M. I. Pieters Koetoardjo.
M. Soma Tjigedoeg Garoet



**SIK DJOEN KWAN**

**TOEKANG GIGI**

**Tjihideunggede No. 23 Tasikmalaja.**

Teu aja deui angen-angen sadajana, jen di doenja palaj hiroep senang sareng kasehatan, dina barang toeang kapalaj teh anoe parelem anoe raraos bae. Handjakal tina hal barang kasehatan waos mah, margi sakoer anoe di toeang eta sajaktosna nambihan oelam, teu karaos njarelapna dina waos, lami - lami ngagoendoek ka lebet doegi ka kadjadian njeri waos sareng koropok.

Di dieu bade diterangkeun, jen kasawat waos oepami teu ditoeloeng koe ahlina (dokterna) moal tiasa sae, katoeangan anoe teu antjoer pisan ngadjadikeun kasawat lalendeng poesing, njeri patoeangan, sesek napas, engap, teu aja napsoe kana barang toeang sareng sanes-sanesna. Ieu sanaja kasawat moal tiasa sae leres-leres, oepami waos masih teu sehat, ngandoeng pirang-pirang oelam.

Ajeuna sim koering di dieu parantos ngadeg toko noe njajagikeun roepi-roepi landong waos, anoe koemaha bae tiasa dilandongan koe sim koering kalawan ditanggel.

Nja kitoe deui njajagikeun waos palsoe, poslen, toelang, perak, emas saniskanten aja. Ngaratakeun waos ngaberesihan sareng ngagilapkeun soepados herang sapertos kilat koemargi kieu, tangtos djadi ngawoewoeh tjahaja.

Njajagikeun deui panon palsoe. oelah salempang.

Djoeragan djoeragan istri dilandonganana koe njonja, nja eta poen bodjo,

Anoe ngantos pesenan a saroempingna,

**SIK DJOEN KWAN**

Sarimbit.